Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зэлущIэ

КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым и зэлущIэр.

АБы щызэхалъхьажащ 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хэзыунэтIауэ зэфIагъэкIахэм, COVID-19-м зэрызиубгъум пэщIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэм кIуркIуэхэм, апхуэдэуи макроэкономикэ, социальнэ политикэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэу зэман гъунэгъуми 2030 гъэм нэсыхуи ятещIыхьауэ зрагъэхъулIэн хуейкэр яубзыхуащ.

ЗэIущIэм къыщыкагъэщащ коронавирус уэзыфэ зэрыщIалэм зэрызиубгъуам, абы пэщIэтыным хуэунэтIауэ мардэ ткIийкэр ягъэувын хуей зэрыхьуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ гъэунэхуныгъэхэм зэрырагъэувар. Апхуэдэу щытми, яхуэзфIэкIащ IэнатIэхэр хэпщIыкIыу емыгъэхуэхыныр. Къапщтэмэ, мэкъумэш, ухуэныгъэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIакъым, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным пащащ. Абы къыдэкIуэри сату щIыным, щIыхуэхэм пщIэкIэ IэхутхьэбзэкIащ. Ауэ, турист IэнатIэхэм хэщIыныгъэ ямыгъуэту къахуэзэтегъэнакъым. Пандемием гугъуехьхэр къыщащ щIыхуэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпащ и лъэныкъуэкIи.

Коронавирус уэзыфэ зэрыщIалэм земыгъэфIэгъэ папщIэ ягъэува мардэхэр, къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм, зэран яхуэхъуащ къэралым хыхь щIыналъэ псоми я лэжьыгъэ зэтеуэхуэкIэм, ящыныкъуэхэм деж абыхэм наIуэ къащIащ щыIэ гугъуехьхэр, нэгъуэщI щIыналъэхэм гу щIыпIраГъэтэжащ заужьыныжьмкIэ яIэ Iэмалхэм, я мыпIкъур нэхъ зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпын зэрыхуейм иригъэгупсысащ, ягъэува мурадхэм къалэнхэмрэ хагъэпIэжащ.

Абыхэм я гугъу ищIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир бадзэуэгъуэм и 13-м Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зэIущIэр щригъэкIуэкIым. Урысейм и Унафэщым 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м Iэ зыщIидза Указым щыIэзэригъэзэхуэжащ къэралым 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну щыкIэр. Мыбдежым япэ увыпIэр зыхухихар щIыхуэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр, къэралым щыпсэухэм я узыншагъэмрэ зэIуэзэпщIыгъэмрэщ. ЗэфIагъэкIым хуейуэ къагъэлъэгъуэ Iуэху нэхъыщхьэхэри зыхуэунэтIар а къалэнхэр зэгъэхъулIэныр.

«Зэман гъунэгъу дыдэм дэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iажьыгъэ къыпIащIыу республикэм зэрызиужьыну, зэдгъэхъулIэн хуейхэм дыхэплъэжьыныкIэ, абы лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэри, бюджетым зэгъэзэхужьныигъэхэр хэлъхьэнри яхэту», - къыхигъэщхьэхуКIащ КIуэкIуэ К. В. Абы апхуэдэуи жиIащ а лэжьыгъэр федеральнэ министерствэхэм, щыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ органхэм быдзу яныщIауэ зэрегъэжьыгъэкIыпхъэр кIи ягъэува пIалъэм къриубыдзу зэфIагъэкIын зэрыхуейр.

Лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ мурадхэмрэ я гугъу щищым КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхуКIащ цIыхухэр егъэджэныр, щIэныгъэм зегъэужьныныр, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэчийхэр наIуэ къэщIыныр, абыхэм хэпщIыкIыу защIэгъэкъуэныр, Iэщ1агъэлIэхэр гъэхьэзырыныжьмрэ лэжьакIуэхэр егъэджэжьныжьмрэ. «Ар ди къэкIуэнум, ди къулеиигъэ нэхъыщхьэм - цIыхум - хуэпщI хэлъхьэныгъэщ. Шэч къытесхьэркъым щIэныгъэр социальнэ IэнатIэми экономикэми щIэздгъэгъуэтыну зыужьыныгъэмрэ екъулIэныгъэмрэя лъабжьэу, щэсыпIэу зэрыщытым, псом хуэмыдэу иджыпсту,хьыбарегъащIэ, щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэр дуней псом егъэлеяуэ щыщIэхуабжьэ мы зэманым», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Япэ игъэщIапхъэ къалэнхэм ящыщщ цIыхухэм я узыншагъэм кIэлъыплъыныр, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зегъэужьныр, цIыхухэр физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ жану хэтыфын хуэдэу КъБР-м и дэтхэнэ жылагъуэми Iуэхур щIэзэтеухуэныр.

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпащIын Iэхуми унафэ тещIыхьын зэрыхуейр, къэпщтэмэ, общежитхэм щIэсхэр абы къыщIагъэIэпхъуэкIыну зэрракъалэныр. «Сыт хуэдэ зэIуэзэпэщIагъэ зи гъугу пщIы хъунур, унагъуэ куэдым я нэхъ мащIэрамэ щIыпсэун унэ ямыIэмэ».

«Ахэр къалэныщхъуэ икIи щIэгъэхуэбжьауэ гъэззащIапхъэщ, 2025 гъэм и пэ кьихуэу», - жиIащ КIуэкIуэ К. В. А Iуэхум къыщыбгъэсэбэп хъунущ псэупIэ хуэзыбгъэжьным хуэхэа программэхэр, унэхэм я гасэхэр нэхъ пуд щIыпхъэщ, цIыху нэхъыбэ абы къыщIэупщIэу икIи ар къащэхуфу щытын хуэдэу. А Iуэхухэр пхуэзфIэгъэкIынкъым КъБР-м и бюджетым нэхъыбэ тхуэмыщIмэ икIи ар тэмэму зэпэлытауэ къэдмыгъэсэбэпамэ, Iуэхущ1апIэщIэхэр къызэIудмыхмэ, IэнатIэщIэхэр цIыхухэм къыхуэзэдмыгъэпэщмэ, щIыналъэ валовэ продуктым къыхэмыхуэмэ.

Республикэм и Iэтащхьэм Правительствэм пщэрылъ щищIащ а Iуэхум икъукIэ набдзэгубдзаплъэу хэплъну, Урысейм и адрей щIыналъэхэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ абы хуэунэтIауэ зрагъэхъулIахэм зыщагъэгъуэзэну икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм я псэупIэхэр 2030 гъэ пщIондэ егъэфIэкIуэ хъунымкIэ зыщхьэпэну программэхэр зохалъхьэну.

Абы кьыдэкIуэу гупыпитэ хуэщIын хуейщ цIыхухэр псыкIэ ирикъуу къызэгъэпащIыным, къалэр зэIуэзэпэщ щIыным, къалэуэхэу Iуэхухэмрэ архитектурэм къэлIахэмрэ хабзэм тету егъэкIуэкIыным, кIэрыхуфкIэрыхуэхэр зэхэдзауэ зэхуэхьесауэ абыхэм елэжьыным.

Экономикэ IэнатIэм гулъытэ нэхъыбэ зыщыхуэщIыпхъэу щIыналъэм и Унафэщым къигъэлъэгъуащ зыужьныныгъэм сэбэп хуэхъуну жэрдэмхэр дэIыгъыныр, республикэм компаниещIэхэр, Iуэхущ1апIэщIэхэр щIыззтеухуэныр, цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпащIыным. А IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI къэралполитикэр, къыхигъэщащ КIуэкIуэ К. В. щытын хуейщ гурыIуэгъуэу, зэхэщIыкIыгъуэу. Инвестицэ зыхалъхьэну щIыпIэхэр, проектщIэхэр къэгъэнэхуэн хуейщ, къэралщхьэзакъуэ зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыпхъэщ, къэралмылъкур фейдэ нэхъыбэ кьиту къэгъэсэбэпыпхъэщ. Мыбдежым гулъытэ щхьэкIэ щыхуэщIыпхъэщ экономикэ «удзыфэ» жыхуаIэм, экологие туризмэмрэ курорттхэмрэ.

Мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэ Iуэхухэмрэ мурадхэмрэ ящыщу республикэм и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ бжыгъэ трансформациери. «IT-технологиехэмкIэ иджыпсту дакъыкIэрыкъ зынукъым, адрейхэм дазырыпеуэфыр къэмытIэсхьэн, IэнатIэ псоми зедгъэужьыфын папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэм. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм игъэтыну зыужьныгъэм и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ диIэ хэкIыпIэхэмрэ щIыналъэм и щIалэгъуалэм я жьыдзэрагъымрэ: «Дэ ахэр сыт и лъэныкъуэкIи дэтIыгъын хуейщ».

Зытепсэлъыхь Iуэхухэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ республикэм и Премьер-министр Мусуков А. Тl., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэхэу Говоров С. А., КIэрэф М. А., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу Къунижь М. А., Хъубий М. Б. сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЛУ Джихьэн

Iуащхьэмахуэ, сынолъэIу!

Нобэ зыхьзох, жьгъырууэ уи уэрэдыр,
Уи щхьэ тхъуари солъагъу гуапэу,
Си хэку лакъуэ.
Еруубэ щIыхухэм зэпэIэщIэ дыдэ
ДащIын яльэкIынкъым -
Уи Iэр къызэт закъуэ!
IэплIэ къызэпщэкIыу,
Уи куэщI сигъэтIысхьэ, -
Си хэку IэплIэм сыщIэбэгъу
ПщIыхьым сыхэт.
Илъэсыбэ хъуауэ пхуэсIэтауэ си щхьэ,
Сомэх - уи псынэпс
Зэ къызэт!

Тырку, Бурсэ

БЫРМАМЫТ Фоаз

Дунейр къутэжьыху

И тыгъэ лъапIэт ар си лъахэ дыщэм:
Жьэгу пащхьэ мафIэ, гукъыдэж,
насып...
Иджы хамэщIым щикъуэхьа си
лъэпкъым
И гуауэ хьалъэр сакъыу къызощын.
Си Хэку щэджащэр нэхъ спэIэщIэ
хъухукIэ,
Сэ зэпысчыхукIэ гъуэгужь
сысымейр,
Си гущIэм лъахэр нэхъри йохуэбылIэ,
Псэунщ си лъахэр къутэжьыху дунейр.

Иордание, Сыуелыхь

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№91 (24.061) ● 2020 гъэм шыщхьэIуэм (августым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Адыгэ макъ

Черкес хэку

Шапсугия

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт 125

НАРТ

Хасэ

Черкесское зарубежье

JINEPS

Лъэпкъ гуращэм я нэхъ дахэ

Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ адыгэ газетхэм я 125-нэ къыдэкIыгъуэ зэхэтыр. ХамэщI къикIыжу зи хэку къэзыгъэзэжахэм я Махуэм ирихьэлIэу «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Жьыныпс», «Шапсугия», «Нарт», «Хасэ», «Хэхэс адыгэхэр» лъэпкъ газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра мы къыдэкIыгъуэм фэ фыщирихьэлIэнщ адэжь лъахэм къихьэжа ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуа тхыгъэхэм, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къызыхэщхэр.

ШЫЩХЬЭУIУМ и 1-м илъэс 22-рэ ирокъу Адэжь Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр лъэпкъ махуэгъэпсым зэрыхуэзэр. Абы ублапIэ хуэхъуари 1998 гъэм зауэм и мафIэ лыгъейм зэщIищта Югославие къэралыгъуэм, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ Косовэ щIыналъэм, ди лъэпкъэгъуэхэр къралыжу я адэжьхэм я щIыгужь къыщрашэжа махуэращ. Абы щыгъуэ цIыху 99-рэ хъууэ ялъ адыгэ гуп зэрыIыгъур Хэкум кьихьэжауэ щытащ. А лъэхъэнэрщ Адыгэ Республикэм и япэ президент Джарым Аслъэн кьыхилъхьэу Къэзыгъэзэжахэм я Махуэр щыхигъэунэхукIари.

Ялъ гупым цIыху 24-рэ хъу етIуанэ гупыр мазипщI нэхъ дэмыкIыу къыкIэлъыкIуэжащ, цIыху 62-рэ хъу ещанэ гупми я къэгъэзэжьным пIалъэшхуэ дихахъым. Псори зэхэту 1998 - 1999 гъэхэм Косовэ щIыналъэм щыщ цIыхуи 185-рэ (унагъуэ 38) Адыгэ Республикэм и жьлэм щыщ хъужащ. Косовэ къикIыжахэм щхьэкIэ Мейкъуапэ пэмыжьыжьу щIыгу хупачри, МахуэхьэблэкIэ еджэу къуажэу ягъэтIысыжащ. ГъэщIэгъэн хъуну кьыщIэкIынт Урыс-Кавказ зауэм иужькIэ Щхьэгуащэ псыхъуэ и Iуфэм къуажэу Iусар трагъэсхьIа е егъэзэгъэкIэ Iуахуа нэужь, адыгэ жьлэ къыIымынэжауэ Махуэхьэблэр япэу къызэрытIысыжар жьытIэмэ.

Махуэхьэблэр нобэ зытес щIыгур езы къэкIыгъэжахэм я фIэфIыныгъэкIэ кьыхэха хъуащ. Ар ящIыху, пIалъэкIэ Мейкъуапэ дэт сабий Iыгъыпlэм, унапlэ зэхуэмыдэжам щIагъэтIысхьэри щIэсащ. Унэжэр ипщIыхьыну ухуиту Адыгэ Республикэм и 205-нэ унафэр кьыдэкIа нэужь, гектар 57-рэ хъу щIыгур хупачащ, унэ 31-рэ ипщIыхьыну хуитыныгъэ щыIэ хъуащ. Япэ унэ пщыкIуплIыр 2001 гъэм яухащ.

Кьуажэ тIысасащIэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным я гуащIэ халъхьащ Хэкум кьинауэ ис адыгэхэми. «ЗдеIэ щIэхщи, здэщыхэ IэфIЦ» жи адыгэ псалъэжьым. Апхуэдэу, кьыхэгъэщыпхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыкъ Ислъэмей кьуажэ щыщ Ирыгу Мухьэмэд и мыпIкъукIэ къуажэм мэжджьыт зэрыдащIыхьар, адыгэ хэгъэгухэм щыщ цIыхухэм щхьэж яхуэзфIэкI теухуауэ ахъшэкIэ зэрадэIэпыкъуар.

КОСОВЭ къикIыжа адыгэхэм лъэпкъым кьинахэмки хамэщI щыпсэухэми ягу кьиIэтащ, я гугъапIэхэр кьызэщигъэуащ. Уэхсыхьжьным сыт хуэдиз гугъуехь пымылъми, уи адэжьхэр зэрыкIа щыгум уи гуфIэгъуэри щыдэпхъуу, уи гузэвэгъуэри зыхуей хуэбгъазэу уисыным хуэдэ щыIэкъым - кьыпкъуэувэн, кьыбдэзыIыыгъын адыгэ цIыху щопсэури. Уи лъэпкъыщхьэ уемыIэзэмэ, ар фIы хуэзэным и Iэхуки Iэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр умыщIэмэ, гуращэм я нэхъ дахэмкIэ кьеплъэжьэ Iуэхуми зыри и щхьэпэкъым. Хэку кьихьэжьным и мыхьэнэр нобэ лъэпкъ тхыдэм щыщ хъуа мо Iэхугъэзэшхэм кьиГъэлъэгъуащи, ащ ар адыгэм щIищтэр, абы гуро псэкIэ щIеувалIэр.

Адыгэ Республикэм къэралыгъуэ унафэкIэ къэзыгъэзэжахэм я махуэр кьащтами, Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми а махуэр щагъэлъапIэ.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозревель, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт.

Нобэ Адэжь хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ

Нэрыбгейхэмрэ Хэку-анэмрэ.

Нарт Сосрыкъуэ.
Сурэтхэр Уэхъутэ Александр трихащ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуiум и 1, *щэбэт*

♦Шыщхьэуiум и 1 - 7-хэр Сабий цIынэхэр анэ быдзышэкIэ пIыным къыхуеджэным и дунейпсо тхьэмахуэщ

♦УФ-м Iэщэкiэ Зэщiэуэзэда и Къарухэм я тылым и махуэщ

♦Урысейм и Инкассаторым и махуэщ

♦Япэ дунейпсо зауэм хэкiуэда урысей сэлэтхэм я фэелпь махуэщ

♦Азербайджаным щагъэлъапIэ я алыфбеймрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ

♦1885 гъэм яп дыдэу уэгум зиIэтащ Можайский Александр ищIа кхъуьлъатэм.

♦1914 гъэм Урысейр Яп1э дунейпсо зауэм хыхьащ.

♦1924 гъэм Бэракъ ПТъыжь орденыр кьащтащ

♦1927 гъэм Ленинград областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1936 гъэм Германием и къалащхьэ Берлин къыщызэIуахащ XI Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр ыщIукъэуIуи и 16 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1939 гъэм Совет Союзым и ПIыхьужьым и «Дыщэ Вагъуэ» медалым теуха унафэр кьащтащ.

♦1939 гъэм Москва къалэм щызэхэтащ ВДНХ-р - къэралым и цIыхубэ хозяйствэм и ехьулIэныгъэхэр щагъэлъэгъуэну выставкэр - къызэрызэIуахым ехьэлIа гуфIэгъуэ дауэдащIэхэр.

♦1958 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1964 гъэм «Маяк» къэрал радиостанцым и япэ нэтыныр эфирым кIуащ.

♦1967 гъэм Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.

♦КъБАССР-м мэкъумэш IэнатIэм зыщегъэужьныным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхьужь **Быирс Анзор** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Къущхьэ Сулътlан** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Критик, зэдзэкIакIуэ, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЛъапцIэрыщэ Хьалид** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-мрэ ЭкологиемкIэ, цIыхум и щыгъуэ щIыпсымкIэ дунейпсо академиемкIэ я академик, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Шапсыгъ (КIэкIыхъу) Дамир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Хэкум къэзыгъэзэжахэр жьлагъуэм ззззгъэжьныкIэ щадэIэпыкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщI **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Шыщхьэуiум и 2, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ. Ар Белоруссиемки Къэзахъстанми щагъэлъапIэщ. 1930 гъэм Москва дзэ округым зыгъэзэнытIэхэр Воронеж къалэм пэмыжьжьэу щригъэкIуэкIыу яп1э дыдэу хьэуа десант абдеж кьыщцетIысхэауэ щытащ. Аращ махуэм лъабжьэ хуэхъуар.

♦Урысейм и ГъущI гъуэгу лэжьакIуэм и махуэщ

♦Беларусь Республикэм и десантникхэмрэ къалэн щхьэхуэхэр зыгъэзащIэ къарухэмрэ я махуэщ

♦1887 гъэм Ходж Роуэлл гъущI кIапсэ банэр къыззригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ ираташ.

♦1942 гъэм Налшык Дзэ Пlныжьым щхьэжьэ щагъэхьэзырат ткIуаткIуэ къауэу птулькIэ мин 20.

♦1995 гъэм «Русское Радио» радиостанцыр къызэрагъэпэщащ.

♦Совет щIэныгъэлI, инженер щэрыIуэ, «Рубин» ЦКБ-м и унафэщIу щыта, псыщIагъырыкIуэ аппарат 200-м щIигъуи я конструктор нэхъыщхьэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхьужь **Спасский Игорь** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къхъухьлатэзэхуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейр э Лlыхьужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, нэгъуэщI къэрал куэдым я дамыгъэ лъапIэхэри зыхуагъэфэща **Быковский Валерий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Шыщхьэуiум и 3, *блыщхьэ*

♦Къэзахъстаным щагъэлъапIэ транспорт IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэр

♦1778 гъэм Милан къыщызэIуахащ «Ла Скала» оперэм и унэр.

♦1799 гъэм урысеидзэм и кхъухьэр Тыркум яп1э дыдэу хуит ищIащ Босфор псы дэжьыпIэм кьыпэрымыуэ дигъэкIыну.

♦1942 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ Налшык комитетым зыхъумэжьныгъэмкIэ гупхэр къызэрэщIэныным теухуа унафэ кьищтащ.

♦1959 гъэм Москва къыщызэIуахащ къэрал куэдым я лlыкIуэхэр зыхэта яп1э кинофестивалыр.

♦1994 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

♦КъБР-м и щIыхь сурэтыщI, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **БжьIымых Хьид** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ **КIэмыргуей Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Публицист, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Джаурджий Оксанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хабзэм ирипсэум емыкIу къихьырыкъым.

Хьэл-щэн нэхъыщхьэм къытекІыркъым

Дызэрыщыгъуаззщи, 2011-2013 гъэхэм Сирием адыгэ куэд къиІэпхъуныкІыжащ. Абыхэм ящыщу цІыху 600-м щІигъум Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ.

Гъыш Ануар и ныбжьыр илъэс 77-м ит пэтми, а лІым жыджэрагъэу кьигъэлІагъуэр зыхуэдизыр дымыгъэщІэгъуэн тхуэзфІэкІакъым. Уегупсис зэрыхъунумкІи, ар къыззрыддекІуэкІ щэным лъабжьэ нэхъыщхьэу хуэхъур зрихьэ и адыгагъэрщ, абы къызэщІиубыдэу цІыхум хэлъын хуей хьэлхэм ящыщу зэпІэзэрытыгъэ, нэшхуэгъушхуагъэ, нэщхъыфІагъэ хуэдэхэращ.

Махуэ хуабэ цІывыгъуэм жьы нэхъ къыщытщІихункъэ жьитІэри, пщІантІэм дэт жыгышхуэм и лъабжьэм псори дыщІэтІысхьащ. Абдежым щызэрихьэлІаэхэр, зэми тІурытІ зитщІыкІыурэ, зэми дыззэхьхьэжурэ, дыщызэпсалъэрт. Гъыш Ануар гугъэззэгъэгъуэ гуэр аддэ кууэ кьыззрыпкъэрыкІым гу лъмытэкІэ Іэмал иІэтэкъым. А щэным дитхъкъуарэ уэрэшэрыным дыдрихьэхуэу дыздэщысым, Ануар кьедгъэЛуэтэжащ щалъхуэ кьуажэр Джолан лъагапІэхэм щисам адыгэхэм яІа псэукІэр зыхуэдар, иужькІэ Дамаск пэгъунэгъуу щетІысэхами я щхьэ кьурикІуам теухуа кьубархэр. Аущ, а псом я нэхъыщхьэжу, Ануар и гукъэкІыжхэм дэ хэттІэгъуэр мыращ. Ар, ди лъэпкъым щыщ цІыхухэм я нэхъыбапІэр, ахэр дэнэ кІыщыщІимыдзами, яхэлъа я адыгагъэм кьызэщІиубыдэ хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящаззрыхутемыкІарщ, сыт хуэдэ Іуэху къахулыкъуэмыкІами, я щхьэм пщІэ хуащІыжыфу кьызэрыгъуэгурыкІуарщ.

- Ануар, хьэІэпхъуэжахэм ящыщу узракъэ индыпсту Благовещенкэ нэхъыжь дыдэу дэсыр? - жьитІэу дыщеупщІым, Гъышым къыджІащ:

- Уэтей ФуІэд и ныбжьыр илъэс 90-м нэблэгъауэ дунейм ехьжащ. Абы иужькІэ, сэрагъэнущ.

ДызэрегупсысымкІэ, Сирием къикІыжахэм ящыщу урыс къуажэхэм дагъэтІысхьэжа ди лъэпкъэгъуэхэм, Хэкури лъэпкъри кьаззрыхуэныкъуэр нэхъри захэдгъэщІэн папщІэ, ахэр я ГъунэгъУ адыгэ жьлхэжм кьыщалэт гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэми ирагъэблагъапхъэт, республикэми щІэхьыгъэ къыщдахьэжьэ щІалэгъуалэ, псапащІэ лэжьыгъэми хэшапхъэт.

Гъыш Ануар Хэкужьыми кьыззритІысхьэжрэ илъэсиблым щІигъуащ. Зи ныбжь хэкІуэта а ілы бжьыфІэм абаззэкІ, кьэбэрдей псэлъэкІэхэр тыншу зэрызэдгурыгэкІуфыр дгъэщІагъуати:

- Си дежкІэ зэхэдэ щыІэкъым: шапсыгъри, бжьэдыгъури, кьэбэрдейри, дэнэкІэ щІиІэ адыгэри сэркІэ зыщ - адыгэщ, - жиІащ абы.

Гъышхэ я деж щызэІущІа гупым къэхытэщ и гъунэгъу кьэтІысыжа СтІащ зэщхьэгъуситРри. Абдежым дыщысу дыщызэпсалъэлІэм, абыхэм Сирием щІэх-щІэхьурэ узыщрихьэлІэу щыта нэгъуэщІ зы тельыджагъэ гуэри ягу кьагъэкІыжащ: ар хьэрыпхэм ящыщу кьахэсахэми адыгэбзэм хэзІэзэ кьахэкІыу зэрыщытартщ.

ЖьпІэнур арамэ, СтІащ Исам икъукІэ сэбэп кьытхуэхъуащ Гъыш Ануар дыщепсэлъылІами я гъусэу Сирием кьикІыжахэм ящыщу, кьуажэкІэм щитІысыкІа ЛІымахуэ-Сыжажэ зэщхьэгъусэхэм дащригъэщІыхуами.

«Ляэ дыдэрауэ сыт нэхъ фызыхуэныкъуэр?», - жьитІэу, кьыдбгъэдэсахэм дащеупщІым, Исамщ псом ляэу жэуап кьыдэзытыжар. Ар зыщІэпІэЛуар кьызыхьхьэжахэм къатемыхьэлъэну кьиІылъэхращ: языныкъуэ унагъуэхэм тІуащІэ-щащІэу яІэ хъуа, зэрамепІэсыж е зэрамыкьэхьэпшыпхэрщ. Дэ гу зэрылъыттамкІэ, дызихьэщІакэр хуэныкьуэщ щэнтым дежкІэ кьыщыщІэдзауэ ерыскъыр щахъуамэ щІыІалъэ, хьэкъущыкъу хуэдэхэм, хадэм зэрелэжь Іэмэпсымэ, нэгъуэщІ-кьинэмыщІ Іэджэми.

Ауэ Гъышыр кьыззщІэнащ:

- Дауэ дыззэрыпъэІуэнур? - жиІащ абы. - ДоукІытэ. Адыгэм игъащІэми апхуэдэ щэн тхэпІакъым. Сэ куэдрэ сигу кьокІыж Джолан дыщисым, адыгэхэм абдежым щыдгІэ щхапІэ-зэкъуэсІпэхэм я деж ди лъэпкъым щыщ тхъэмыщкІэ гуэр кьыщыувыІэу зэрыщытар. КъратІамэ, и Іыхьэт, армыхъуамэ, абы и Іэгу ущІауэ зыми ильэгъуатэкъым...

Тхыгъэри сурэтхэри
ЩАУАПЦІЭ Бышэ *ейщ.*
Прохладнэ щыналъэ.

Сирием къикІыжахэм къахэкІыу Крем-Константиновкэ къыдэтІысхьэжа псоми а зы махуэм дазэрыхуэмызэфынум дэ шэч кьытетхэртэкъыми, СтІащ Сабри дельэІуащ езым нэмыщІ иждыри цІыху зытІущым даІуигъэщІэну. АбыкІэ арэзы щыхъуэм, СтІащым и хьэщІэщым исахэм зыкъызэщІэтхъэрэн, пщІантІэм дызэрыдэхащ. Абдежым кьыІухъуэ къыщІэкІащ дыІущІэну дызэрыхуеймкІэ хуэбыбар зрагъэщІа нэгъуэщІ зы щІали. Ар Кушэ ящыщ Зигъуэт.

ГъУСЭ тхуэхъуар зэрыс машинэр ди апэ иту, да абы дыкІэлъэжьауэ дызделэм, куэд дэмыкІыу дынэсащ дызыхуаша щІапІэм. Абдежым кьыщыдзэкъэрт бысымыр. ФІэхъус зэхьынымкъдэкІыу, гушыІэмрэ сэмэрхъомрэ кьыдэбэкІрэ дыбзэрэбзэжу, дэ ахэр зэрытІьагъум дригушхуэу, езыхэри даззрыхуэныкІуам щыгуфІыкІыу, кьыпІущІам я пщІантІэм дыдыхьащ.

ЩЫбым дэт Іэнэшхуэм дыбгъэдэтІысхьащ. Дакъыкъэ бжьыгъэ дэкІагъэнтэкъым, унэгуащэм Іэфы-кІэхэмрэ пхъэщхьэмыщкъэкІэ уэздэ Іэнэр къыщиухуам, мыІэрысэм къыщІапІыІтыкІа псы гурыхьэр зэрыт кхъэщІынышхэри абы дэщІыгъуу.

Ди напэкІуэщІым пэублэ хуэтщІам зэрыщІыжтІащІ, дыкъыщІэкІуар илъэс зыбжанэ ипкІэ Сириием кьиІыжу мы къуажэм кьыдэтІысхьэжахэм зэман дызэрытым я Іуэху зыІутым, я псэукІэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыхуэтщІыныр арати, етІуанэ лъапсэм дыкъызыша СтІащ Сабри псалъэр иришэжьащ.

- КъэІэпхъуэжахэм ящыщу мы къуажэм дэсхэм гупжьей диІэщи, и пашэр илъэс кІэс здэдохьэкІ. Дызэрыт илъэсым абы и тхъэмадэр КІэрэфхэ Гъэсанщи, абы и деж дыкъэкІуауэ аращ, - жиІащ Сабри.

Бысымыр кьыпІигуфыкІащ. Дэри абы дельэІуащ зыкъыдигъэщІыхуну.

- Сириием къыщыхъуа хьэлэбэлыкъэм япэ кьиухуэу, КІэрэфхэ Мударейрэ Бырхьэджэмрэ дэсащ. Къэбэрдейми ди лІакъуэм щыщ унагъуэхэр Тэрч адрыщІкІэ щыІэ Астэмреи Шъхьэлыкъуи дэсщ. Сириием зэгуэр нэкІуауэ щытащ профессор цІэрыІуэ КІэрэф Къамболэт, КъБКъУ-м и ректору щытар.

Къыдбгъэдэсхэм ящыщ гуэри гулыитэншэ дымыщІым нэхъ къасщтэти, алъандэрэ щІиму щыса щІалэм зыкъыдигъэщІыхуамэ, дызэрригуапэр еІуэ-кІащ.

- Бжьэдыгъухэм сащыщщ. Къызэрызэджэр Кушуэз Зигъуэщ.

- Мыхэр Сириемкіэ нэхъ къызэрыщІыхьэ щыІмыгъашхэ» унэцІэмкІэщ, - къыхелъхьэ Сабри.

- Пэжщ, Шымыгъашхэ и къуэзэр кьытхужаІэ, - къыпещэ и псалъэм Зигъу.

- Зигъу, уи адэм и гугъу кьытхуэщІыт.

- Си адэр сурэт щІынкІэ Іэзэт. Зэгуэрым кьыщІри-гъэдза и Іэдакъэщ іэкІым ищхьэкІэ тритхауэ щытащ дызыщыщ лІакъуэм и къежьэкІэ хъуам, и кьэкІуэкІыкІам теухуауэ зыщыгъуазэхэр: и адэжьхэм, абыхэм къатепщІыкІыжахэм я цІэхэр, лІакъуэр щыпсэуэ къуажэм зэреджэу щытар, нэгъуэщІхэри.

- АтІэ, сытыт абы кьыбджыкІаэхэр?

- Си адэм и адэм и цІэр Исмэхьилщ. Урыс-Кавказ зауэм иужькІэ, адыгэхэр зэкум щикІыжым Исмэхьилыр сабийуэ и анэм кьриШэжьат. Ар зэрыхъуаращ. Анэр, хьэсэм хэту, губгъуэм итт. Плъэри, Мыхьэмэтым (Исмэхьил и адэм) и шыр, зыри темысрэ и закъуэу, кьиІэзэрыкІуэжьыр кьиІъэгуащ. «Шымыгъашхэ» цІэр кьызытехъуэкІар а Мыхьэмэтым и адэ Даутэшхуэ фІащьыжауэ). Шур зэрыштам кьыхэкІыу Дауэтэшхуэ фІащьыжауэ). Шур зэрыштемысыжыр зьилъэгъуаxэм кьагурыІуащ Мыхьэмэт зэрыщымыІэжыр, зауэм зэрыхэкІуэдар. Бзылъхугъэм, «Тхъэ, Мыхьэмэт щыІэжу кьыщІэмыкІыну! Мы сабийри дэнэ схьыну?» - жиІэри, гупышхуэу Тыркум икІыжхэм гъусэ захуигІащ. Щынэсым, Болгариием ягъэІэпхъуэхэм яхэхуащ. Урыс-Тыркуэ зауэм иужькІэ, абы кьрагъэкІыжхэри Палестинэм къэкІуахэщ. Абдежым хуабэ уэ Іейм я щхьэр щахьумэжу Джолан Іэпхъуэхэщ. Мы Кавказым ираша Исмэхьилыр си адэм и адэ дырэщ.

- Пльагъурэ иджы ар, псоми я псалъэр зэрызэтехуэр, - кьыхелъхьэ и жьІэ альандэрэ кьыдэдаІуэу щыса Сабри. - Адыгэхэм кьезэуэн мы Кавказым щауэхам, псоми заІэри Тырким кІуащ. Абыхэм ящыщ куэдыр Югославиемрэ Болгариемрэ я къыщыхутащ. Абы ирамыгъэсыжу кьыщрахужьм, Тыркум а лъэхъэнэм ящыри Іэщ1эльъ Сириемкіэ къагъэлэпхъуащ. Сирием зиЗыгуашэу Хъэлэб кІуахэр - езы Тыркум икІэхэращ. Хьэмусым щыпсэуэхэр - ЮгославиемкІэ кьикІыу, ятпэщІыкІэ иджырей Пиваным къыщыхутахэращ. Ар гъэзгуанитКІэ? Ещанэ дызыщыщ лІакъуэм и къежьэкІэ хъуам, и къекІуэкІыкІам теухуауэ зыщыгъуазэхэр: и адэжьхэм, абыхэм къатепщІыкІыжахэм я цІэхэр, лІакъуэр щыпсэуэ къуажэм зэреджэу щытар, нэгъуэщІхэри.

- АтІэ, сытыт абы кьыбджыкІаэхэр?

- Си адэм и адэм и цІэр Исмэхьилщ. Урыс-Кавказ зауэм иужькІэ, адыгэхэр зэкум щикІыжым Исмэхьилыр сабийуэ и анэм кьриШэжьат. Ар зэрыхъуаращ. Анэр, хьэсэм хэту, губгъуэм итт. Плъэри, Мыхьэмэтым (Исмэхьил и адэм) и шыр, зыри темысрэ и закъуэу, кьиІэзэрыкІуэжьыр кьиІъэгуащ. «Шымыгъашхэ» цІэр кьызытехъуэкІар а Мыхьэмэтым и адэ Даутэшхуэ фІащьыжауэ). Шур зэрыштам кьыхэкІыу Дауэтэшхуэ фІащьыжауэ). Шур зэрыштемысыжыр зьилъэгъуаxэм кьагурыІуащ Мыхьэмэт зэрыщымыІэжыр, зауэм зэрыхэкІуэдар. Бзылъхугъэм, «Тхъэ, Мыхьэмэт щыІэжу кьыщІэмыкІыну! Мы сабийри дэнэ схьыну?» - жиІэри, гупышхуэу Тыркум икІыжхэм гъусэ захуигІащ. Щынэсым, Болгариием ягъэІэпхъуэхэм яхэхуащ. Урыс-Тыркуэ зауэм иужькІэ, абы кьрагъэкІыжхэри Палестинэм къэкІуахэщ. Абдежым хуабэ уэ Іейм я щхьэр щахьумэжу Джолан Іэпхъуэхэщ. Мы Кавказым ираша Исмэхьилыр си адэм и адэ дырэщ.

- Пльагъурэ иджы ар, псоми я псалъэр зэрызэтехуэр, - кьыхелъхьэ и жьІэ альандэрэ кьыдэдаІуэу щыса Сабри. - Адыгэхэм кьезэуэн мы Кавказым щауэхам, псоми заІэри Тырким кІуащ. Абыхэм ящыщ куэдыр Югославиемрэ Болгариемрэ я къыщыхутащ. Абы ирамыгъэсыжу кьыщрахужьм, Тыркум а лъэхъэнэм ящыри Іэщ1эльъ Сириемкіэ къагъэлэпхъуащ. Сирием зиЗыгуашэу Хъэлэб кІуахэр - езы Тыркум икІэхэращ. Хьэмусым щыпсэуэхэр - ЮгославиемкІэ кьикІыу, ятпэщІыкІэ иджырей Пиваным къыщыхутахэращ. Ар гъэзгуанитКІэ? Ещанэ гъэзгур - Болгариием къиІэпхъуКІыу, ятпэщІыкІэ Кипр, итІанэ Палестинэм, къыкІэлъыкІуэу Джоланым ягъакІуэу, абы иса адыгэ кьуажэ 14-м трагуэшэжахэращ.

- Гу зэрыльыттамкІэ, Джолан бгылъэ щІыпІэм щыІа адыгэ кьуажэхэм дэсахэм кьэбэрдей, кІахэ псэлъэкІэхэр ящІэ. Ар сыту пІэрэ кьызыхэкІар?

- А щІыпІэм къэбэрдеи, бжьэдыгъуи, шапсыгъи, убыхи, уеблэмэ абази, балъкъари, осетини - псори дыщІэзэхэпхъауэ дыщІыпсэуащ. Зэхэдэ лъэпкъ дымыщІу. ГъэщІэгъуэныр аращи, балъкъэрхэр, абазэхэр, осетинхэр къэбэрдейкІэт зэрыпсалъэр, - жиІам щІигъэбыдыхьыжащ СтІащым.

- Мыпхуэдэуи дыщІэупщІэнут: бынунагъуэкІэ сыт фІыхуэдэ? Зигъу деж къыщыщІэддзэнщи...

- Зигъу бынифІэщ, Тхъэм и фІыщІэкІэ, - жеІэ Крем-Константиновкэ дэс ди лъэпкъэгъуэхэм я деж кІуэнымкІэ гъуазэ тхуэхуа, «Гу къабзэхэр» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и зэхэщакІуэ Къарэ Ратмир. Иджыпсту зи гугъу сщІынур, ипхъуэхэм ящыщ тІур зэрызэщхьырыкъабзэщ, зэтІолъхуэныкъуэщи. Абыхэм зэбгъэдэту траха сурэтыр Фейсбукым итлъхьати, Мейкъуапэ щыщ гуэрым зы махуэ кьытхуитхащ, «сэри зэтІолъхуэныкъуэ кьуитІ сиІэщи, мы дыбгъэльэгъуа пщащэ щІыкІуитІыр кьедвгъэгъашэ», - жиІэри.

Зигъу кьыпещэ:

- ЩІалэрэ пщащэу, псори зэхэту, бльы диІэщ. Ди пащащхэм я нэхъыжьыр, Сириемщ щыІэр, унагъуэ ихьащ, бын игъуэтащ, бухгалтер Іэщ1агъэм иролажьэ. НэгъуэщІ си щІалитІым, Азэррэ Марджэрэ, КъБКъУ-м инджыльзыбзэмкІэ и къудамэр кьаухащ, НэгъуэщІ ди пащащэу а щІалитІым кьакІэлъэкІыуэм, Тимаф (Димахуэ) зи цІэм, колледжыр кьиухауэ, и дэфтэрэкэр университетым иджыблагъэ иритащ, кьехъулІэмэ, щІэтІысхьэн мурадыр иІэу. Абы кьыкІэлъыкІуэм, Асльэн, автомеханик Іэщ1агъэмкІэ колледжыр кьиухри, а унэтІыныгъэ дыдэмкІэ щеджэну Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэтІысхьащ. Къэнэжар Синэрэ Сипсэрэ зэтІолъхуэныкъуэ цІыкІуитІращи, абыкъэ Крем-Константиновкэ дэт курыт еджапІэр мы гъэм къаухащ, экзаменхэр ехьулІэныгъэкІэ ятри.

- Университет къэзыуха уи щІалитІым сыт я лэжьыгъэ, Зигъу?

- Марджэ шаурма щагъэхьэзыр шхапІэ цІыкІу кьызэІуихуаэ, абы и Іуэху зэрехуэ, къаухэхъуэм щыщ ахъшэ гуэрхэмкІэ, уеблэмэ мыдрейхэм зыкъыштщІагъакъуэу. Дэ езым мыбдежми псыджэд (бабыщ) тІэкІу щыдогъэхъу, хадэ щызыдохьэ.

СтІащым и псалъэм кьыпещэ:

- Дэ мыбы къэдмыгъэзэж ипэкІи, инэхъыбэр Сирием дыщызэрыщІыхурт. Сэрэ Зигъурэ зы кьуажэм, Сэлмэней, дыкъыщІыхъащ. КІэрэф Гъэсэн Кьунейтірэ къаІэм (Сэлмэней зэрыпэжьыжьэр километри 3-щ) дэсащ. Щыри Кьунейтірэ дэт курыт школхэм ящыщ зым дыщыщэздеджащ. ЖьпІэнур арамэ, Сирием щыІэ адыгэхэм я нэхъыбэр, гуфІэгъуэ хъуами гузэвэгъуэ яІэми, зэкІэлъыкІуэу апхуэдэт, ноби аращ. ЗгъэщІагъуэу сигу Іэфіу кьинар аращи, блэкІа зэманхэм, машинэкэр апхуэдэу щыщымыІам, лъэсу е адыгэхэм а лъэныкъуэмкІи щыкэтхуэу щыта шыгу гуэрым дису, зы кьуажэм дикІым ящыщ зым дыщыщэздеджащ. ЖьпІэнур арамэ, Сирием щыІэ адыгэхэм я нэхъыбэр, гуфІэгъуэ хъуами гузэвэгъуэ яІэми, зэкІэлъыкІуэу апхуэдэт, ноби аращ. ЗгъэщІагъуэу сигу Іэфіу кьинар аращ

УЭРДЫМ Зекай:

Зыкlи сыхущlегъуэжакъым

- Зекай, япэщыкlэ зыкъздбгъэщlыхуамэ, ди гуапэт.

- 1976 гъэм Къайсэр сыкъыщалъхуащ. Къуажэкlэ Къарэкъуий (Кьундетей) сыщыщщ, Ўэрдым Хьэжы-Ихьсан и къуэ Ариф срикъуащ.

Къалэм сыкъыщыхъуами, сыщыпсэуами, насыпи сиЗэи, гъэмахуэкэм кьуажэм сыщlыэурэ адыгабзэми, хабзэми, адыгагъэми щыгъуазэ сыхъуащ.

Курыт еджапlэр къыщызуха гъэм ирихьэлlэу «Налмэс» къэфакlо гупым, илъэс дэкlауэ «Кабардинка»-м Тыркум концертхэр щатащ. Дэри джэгуэхэм дыхьихьэ щыхъуа зэманти, хуабжьу сыдихьэхат.

- Хэкум къэбгъэзэжьын хуей зэрыхъуар дауэ?

- Зы пщыхьэщхьэ гуэрым си адэр Къайсэр хасэм къыщицlа хьыбаркlэ къызэупщlащ: «Ўкуейт Налшык кьала дэт университетым ущеджэну?», - жиlэри. Сэ куэд щlауэ си нэр къыхуикlырт абы. Етlуанэ махуэм сызыхуеину тхьапъмпlэхэр жьрегъэкlэ зэхуэсхьэну яужь сихьащ. Си паспортри визэри псынщlэ дыдэу хьэзыр хъуащ. Си адэри тlэкlу хущlегъужьауэ, си анэми и нэпсхэр къытелъэдауэ гъэзгу дыкъытехьащ. Ар 1993 гъэм и бжьыхьэ зэмант. Сэр нэмыщl ещанкlэ 36-рэ дыхьурт.

Минеральные Воды кхъухьлъатэм дыкъыщlкlам ди нэрэ къэкlуа щlалэхэр къыптэлъэу аэропортым тетт. Гугъу демыхьу университетым и общежитием дыкъэсащ. Пэжыр жыпlэмэ, ди гугъам хуэдэу къыщlэкlа-кьым: пэшхэр зэхэфыщlауэ, гъэузыпlэхэр къутауэ. Ауэ, абы щхьэкlэ дигу дымыгъэныкъуэу, дэр-дэру псори зэдгъэзэхуэжри, пэшри зетхьэжащ.

- Дауэ къыфlуща хэкур? Ўзэригугъамрэ къызэрыщlкlамрэ зэтеуэрэрэ?

- Дыкъыщздэкlуэжар ди хэкуми, тlэкlу къыздэгугъэжкlт. Адыгэ хэкум шухэр, фащэхэр ящыгъыу цlыхухэр къалэм дэту дрихьэлlэн дигугъа щхьэкlэ, мыбыкlэ зэманыр къызэрымыуывlар нэрылъагъут. Ауэ, къалэм и щхьэнтlа-гъэ зэрыщыгъти, абы и дахагъым удихьырт.

Хэкум сыкъыщыкlуам адыгэбзэкlэ тэкlу сытхьмыщlкlэт, ауэ къыздедджэ щlалэхэм садэуэрэшэрэ, университетым и къэфакlуэ гупым сахэтурэ, хэмурэ бзэри нэхъ згъэшэрыуэ хъужащ.

Ялэ илъэсым урысыбзэкlэ зыдгъэжьэзыр нэужь, къыхэхта факультетхэм дыщlэтlысхьащ. Сэ къыхэсхар инженер Іащlагъэрат. 1999 гъэм и гъэмахуэм дипломкэр къыпlэрыхьэжащ.

- Укъызэрыкlуэжам ущыхуущlегъуэжа къэхъукъэ?

Кризис нэужьым, лэжьыгъэ щыдмыгъэтым, билет сыкъэщэхуащ, Тыркум сыкlуэжу дзэм сыдыхьэн мурад сиlэу. Сызлъэтэным махуищ иlэжу Мейкъуапэ пхъэм елэжь фабрикэм цlыху яхуейуэ зэхэсхати, и мазэ улахуэр зэрымащlэми семыплъу, сыкъэнащ. Зы илъэс дэкlауэ унагъэ сыихъащ. Илъэситхукlэ Іуэху куэдым яужь ситащ.

2005 гъэм нэхъ къалэшхуэхэм сыкlуэн хуей хъущ, си дипломымкlэ сылэжьэну. Илъэс 12 нэужьым Мейкъуапэ къэзгъэзэжащ... Зы шхапlэ цlыкlу къэтщэхуащ, унагъуэкlэ дгъэлажэу. Тыркумкlэ щыlэ си адэ-анэм, си благъэхэм, си ныбжьэгъухэм сахуоэзащ. Ауэ, Іэмал дыдэзрилгар, дыкlуэурэ долъагъу е езыхэр къокlуэ.

Нобэ зыкlи сыхущlегъуэжакъым гъащlэ гъуэгуанэ къыхэсхамкlэ, си гъащlэр зэрыхъуамкlэ. Нэхъыжьыр илъэс 17, нэхъыщlэр илъэситхум иту щlалит сиlэщ.

- Сыткlэ захуэбгъэзэнт газетым еджэхэм?

- Щlэджыкlакlуэхэм сэлам гуапэ фызэх. Фыкъымыкlуат, гъащlэу диlэр зыщ, ари псынщlэ дыдэу макlуэ. Ди лъэпкъым дыхуэлажьэу, абы ди сэбэпынагъ едгъэкlыу, ди бзэр зыщlдмыгъэгъупщэу, ди хабзэкэр дымыгъэкlуэдыжу, дызэрыдыгъар дыдмыгъэгъуащэу дунейм дытеегъэт!

Епсэлъар

ХЬЭЖБЭВЫКЪУЭ Эрдогъанщ.

Адыгэхэр зэрымыс къэралыгъо щыlэжьэщтыж. Чыгужьым егъэзыгъэкlэ зыльапсэ щизычlгъэ сильэпкъэгъуэгъэ дунаим щыхэтэкъуагъэх. Илъэс 15 хъугъэшэ, Іэкlыб хэгъэгуэм ащыпсэурэ, адыгэхэм якъэбар гъуазэ сызыфэхъурэр, лъэпкъ зэфэс инхэм сызаухлажьэрэр, къэралыгъуаклlэ къызэlусэжы зэпыт.

Адыгэм и дунай Зэхэт Арап Эмиратхэр

Адыгей

ЕТlАНИ ахэм зыриз-тlуры-тlоу унагъохэр арысхэп. Іофшlапlэ, еджапlэ, аужьипкъэрэм, шъхьэегъэзыпlэ лъыхъуэху нэбгырэ зыгъуашэу мэкощыкlэшъ, ахэм нэмыкlхэр акlэльэкlожьых. Куп иныкlаехэу, зы лъэпкъ Хасэ зэхаугъоягъэми икъунхэу нэужым зыдэкlоГъэхэ къэралыгъуакlэм щэтlэмых. Аш фэдэу зигугъу къэсшlымэ сшlоигъор Зэхэт Арап Эмиратэ ары. Сыдэущтэу адыгэхэр ары къэралыгъо кlоцlгъэха? Нэбгырэ тхьапша исыр? Бзэр, хабзэр къаухъумэн алъэкlа?

Сигущlегъоу Чэтэо Маруан илъэс 14 хъугъэу Эмиратыр щэпсэу. Исэнэхьаткlэ инженер-архитекторэу мэлажьэ, ау бзэ зэгъэшlэнымк, бзэ зэхэтыкlэм шlоигъэшlэгъонэу апылъ, адыбзэкlэ десхэр кьетых. Интернетым иамалхэр згъэфедзэз ащ сыдзэгущыlагъ. Мы пандемие лъэхъаныи Іэкlыбым тыкlошъурэп, ау тилъэпкъэгъуэхэм адэтшlыпэ зэпхыныгъэхэр дгъэгуащэрэп, интернетыр ащкlэ тиlэпыlагъу.

- Маруан, лъэшэу сигуап уахътэ бгъотыгъэу мы зэнкlэ зэдзэгущыlэгъум укъызэрэхэлажьэрэмкlэ. Адыгэ хэкум къыбгъодэкlэу Зэхэт Арап Эмират ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм зэкlэмк шlуфэс сэлам ясэхы. Апэ мы уэзу къэкlокlырэм ыпкъ къикlэу шъуикъэбар сыкъыкlэупчlэнэу сыфай.

- Опсэу, Светлан. Сэри сигуапэу тихэку щыпсэухэрэм сэлам ясэхы. Тыгужьэ тэ а лъэныкъом щыlэ зэпыт. Мы Эмиратыр зэфэшъхьафэу пщыпlиблэу гощыгъэ. Ахэм зэкlэми зы хабзэ горэ радгъэкlокlы. Ауэ фэшъуашэу тэпсэу мы коронавирусым илъэхъан. Уеплъымэ, тэ тадэжькlэ тlэкlу нахь рахьат. Арэу щытми, укъэкlокlым уэыфитыр мафэрэ ары, чэщрэ тишlыхьагъэу тис, пчыхьэ зыхъукlэ зэкlэ агъэпытэ. Тэри, шъыпкъэу lощтмэ, зыгорэм тыкlонэу тыгуlэрэп, тызэфэсакъэжьы.

- Тильэпкъэгъэу нэбгырэ тхьапша Эмиратым Эмиратым щыпсэурэр? Сыиэущтэу ахэр мы хэгъэгум ифагъэха?

- Мыщ адыгэу исхэр хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ядарыкlыхи, лэжьакlо къэкlуагъэхэу ары зэрэщытыр. Сирием нахьыбэр къыкlыгъ. Джорданым щыкlоГъэ зэо-зэпэущхьым ыуж тыкъэкlуагъ. Джырэ заом кьыхэкlыгъэхэри щыlэх. Джащ фэдэу Иорданием, Тыркуем, Хэкужьми къарыкlыгъэхэр ахэтых. Пстэурэ Іофшlэн лъыхъуэху къэкlуагъэх. Зэкlэмкlи адыгэ нэбгырэ минитlу фэдиз Зэхэт Арап Эмиратым щэпсэу. Чlыпlэ зэфэшъхьафэм тадэсэу мыщ тыщlэпсэу. Сэ сыздэщыlэм Фуджейрэ щlэр. Сэ сиунагъо нэмыкlэу мыщ зы адыгэ унагъоу Хьуажьхъэр щэпсэух. Эмиратхэр зэпэчыжьэх, ау тызэхахьэ, тызэкlэпъыкlо. Куп зэхахьэхэри тэшlых, тызэнэсы, нэбгырэ зырызэу зыгорэуущтэу тызэlукlэщтми, амал зэрэдгъотэу, тызэлъэlэсы, унагъохэмкlи тызэлъыкlохэу мэхъу.

Загъорэ е Дубаи, Абу-Даби (ахэр анахь кlуапlэх, анахьыбэ зыдэсхэ щыпlэх) унагъохэмкlэ тащызэфэзыщ. Унэгъо 40 - 50 фэдизэу къекlуалlэхэу мэхъу. Хьулъфыгъэ, бзылъфыгъэ, ныбжьыкlи тызэхэтэу мафэхэр зэдэтэгъакlо. Ау джы мы коронавирусым зы цlыф игъэхьыерэпышlэ, унэмэ тарыс. Уэхэхlэпъыкlэ, уфигитэпышlэ, унэм тисэу тшlэщтыр зэкlэ тэшlэ, тэпсэу.

- Сыд фэдэ Іофшlэна жъугъэцакlэхэрэр? Сыд фэдэ сэнэхьата зыужьыкlэлъхэр?

- Анахьыбэу исхэр инженерых, мыщ ильэс 40-м ехьугъэу щыпсэухэрэр щlэпlэх. Сэ ильэс 14 хъугъэ сыкъызыкlуагъэр. Сэри сыинженер. Компание горэм сыритхьаматэу сэлажьэ.

- Дзгъоу адыгабзэ ошlэ.

- Сирием тыщlипсэу зэхъум, куп инэу тызэхэсыгъ. Джоланым хахьэщlытгъэ Къунейтрэ районым чlыпlэ 13 тыхъухэу, нэмыкlлъэпкъи кьыт-хэмысэу, тиныдэлъфыбзэ дзгъоу дгъэфедзэу тызэхэсыгъ. Тыбзи тихабзи щыкlагъэ имыlэу тызэхэтыгъэх. Мафэм заом ыуж ащ тыкъыкlи, Шам тыкъэкlуагъ. Ащыгъуми сэ ильэс 13 горэ сыкъэкlуагъ. Шам тыкъызэзгъэкlи, кьэлэ Іэхъум дэсхэм тэ мэкlэ дэдэу такъыхъэхьагъэти, зэфэшъхьафэу чlыпlапсэмэ татегощагъэу, унагъохэри тlэкlу зэпэчыжьэ хъугъэх, тыкъызэхъьагъэхэми яхабзи ягъэпсыкlи шъхьафыгъэ, ахэм уадимышlэри упсэушъущlэп. Ябзи нахь кьыттекlо хъугъэ. Тыбзэ зэкlакlоу ежьагъ, тихабзэхэри тlэкlу тlэкlэкlыгъэх.

- О убзэ зэкlэкlуагъэ иlэп.

- Тэ тщlыкlыгъэм щегъэжьагъэу адыгабзэ нэмыкlкlэ тыщыгугъыщlагъэп унэм. Мары мы тыздэс Пщlыпlэу Фуджейрэ тизэкъуабзэу тыдэс, кьыдзэрэсlуагъэу, тэщ нэмыкlэу Саудием щылажьэщтыгъэ врач унагъоу Хьуажьхъэм анэмыкl зы адыгэ гъунэгъу тиlэп.

- Ащыгъуэ о уянэ - уятэмэ адыгабзэр зэрэуагъэшlагъэм фэдэу уикlалэмэ ябгъэшlэшъуегъэпщтын?

- Сэ зы пшъашъэрэ зы кlалэрэ сиlэх. Пшъашъэм дзгъоу ешlэ, ау кlалэм футболыр ешlэ бзэм нахьи. Пшъашъэм щlэр Раза, кlалэм щlэр Андзор.

- Адыгэхэмкlэ сыдэущтэу шъуздэлажьэра, Адыгэ Хасэ шъуиlа?

- Мы хэгъэгум игъэпсыкlэкlэ, Хасэ хэхыгъэ Іэкlыб къэралхэм къарыкlыгъэхэмкlэ зэхэпщlэн уфитэп. Адэрэп. Тэ хэхьигъэу зы унэ горэм тыщызэфэсынэри ащ фэдэу зы чlыпlэ тиlэп. Шъхьаем, зэрэтлъэкlырэмкlэ мы бзэ Іофым пае тызэкъоуэо. Мыщ зы бзылъфыгъэ чlэм горэ щытlиI, Плыбзыу Ярэ. «Эмиратым и Сэтэнайхэр» ыIуи, ащ куп зэхищагъ. А купым зэIуklэгъуэр, адыгэбзэ десэ къэтпlэхэр, кьыт-фегъэпсых. Ярэ университетым щэлажьэ, ахэм агурыIуи, чlыпlэ къаIихи, бэрэскэшхорэ, ежьхэр мылажьэхэ зыихъукlэ, тэ тыкlоти, бзэмкlэ щедгъаджэщтыгъэх. Мы сэ сыздэсымрэ Дубаирэ км 270-рэ мэхъу азыфагу. Ау сыдэмышlьхьэу сыкlоти, бзэмкlэ къыщегъэгъаджэхэти сыкъэкlожьыщтыгъэ. Шъхьаем, мы коронавирусыр къежьи, цlыф зэхахьэхэр хъущтхэп аIуи, ари зэфашlи, тымыкlожьышlэу хъугъэ. ЕтIанэ кlо къэтыугупшыси, Ярэ и чанагъэкlэ, шхапlэ горэм тыгурыIуи, джащ бзэ зэгъэшlэн гупчэ къыщызэIутхыгъ. Ау кафехэм язэфэшlын уахътэрэ къэси, джы унэмэ тарытlыхьагъэу, онлайн егъэджэнхэр тlэшlых. Программэу «Эм» зыфиIорэмкlэ тхьэмафэм тIо сыхьатитlу фэдизэ бзэр зэтэгъашlэ.

Ащ нэмыкlэуи, видео-эзыкlэ тхьэмафэм зэ тэшlы, ныбджэгъу зауlэ бзылъфыгъэ хъулъфыгъэ тызэхэтэу мы бзэ зэгъэшlэн Іофхэм тарэгущыlэ. Ащ Израилми, Америкэми, Тыркуеми, Иорданиеми ащыщхэр кьыхэлажьэх ыкlи зэ усэ хъунт, зэ тхьагъэ горэ хъунт, кьитlэ: зэхэшъ тыкъэджэ, гущыlэу хэтхэм кьарыкlыхэрэр зэхэтэфы.

- Практикэр шъошlы, ара?

- Ары, шъыпкъэ дэдэу къэпIуагъ. Ащ фэдэу ары. Ари тхьэмафэм зэ етэгъэкlокlы. Кlо зэрэтлъэкlырэмкlэ, джа бзэ ухъумэкlэр ары тигугъэр. Кьыхэзгъэщlымэ сшlоигъу, ми бзэр зэзгъэшlэнымкlэ

Еэзэшынукъым, я лъабжьэр къыхамытхъмэ...

Щамым къикIыу адэжь щIыналъэр екIуэлIапIэ зыхуэхъуахэм ящыщщ КъШР-м щыщ Хьэбэз къуажэм унагъуэ хъарзынэ щыдэхъухьыжа Кьардэнхэ Данилрэ Бусейнэрэ (Уэтйехэ ипхъущ).

ИлъэСИЙ хъуауэ унагъуэу зэдзпсэу зэщхьэгъусэхэм пщащитI - Таврэ Зоерэ - зэдапI.

- Кавказым къэкIуэжынкIэ гум щигъафIэу и гъащIэ псор ихьащ си адзм. Ауэ абы щигъуэм Урысейм укъихьэжынкIэ гугъу дыдэт, дэфтэрхэр зэгъэпэщынкIэ лъэпощхьэпо куэд пыщIат, гъунапкъэхэри къуэзат... Арати, и хъуэпсапIэр нахуапIэ хуэмыхъуурэ дунейм ехьжащ...

Сэ сыкъэшцекIэжкам Щамым зауи бани щыIэтэкъым. Мыбы сыкъэшыIэпхъэжа 2012 гъэм илъэситхукIэ Хэкужьым сыкъэкIуэну си мурадащ, ауэ Iэхъу гуэрхэм сыкъэIэзтрагъэувыIащ... СыкъежьэнымазитI-щы фIэкIа имыIэжу, си щхьэгъусэр зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ, - игу кьеГъэкIыж Данил.

Щамым щисым Данилрэ Бусейнэрэ щыпсэуэар Дамаск къалэраш, ауэ ахэр абы зэи щызэIущакъым, щызэрыпIэгъуакъым. Бусейни къыдалъхуахэр, и бынхэр щIыгъуу, Урысейм къэIэпхъуауэ щытащ. Абы щыгъуэм бзылъхугъэм и щхьэгъусэр иэжэтэкъым. Дамаск дэсу ари зэуэзэпсэу дунейм ехьжат. Арати, Данилрэ Бусейнэрэ нэIуасэ щызэхуэхъуар, я насыпыр зы щыхьуар Налшык къалэрщ. 2012 гъэм щегъэжьауэ, Тхьэм уэзрелъэIуну, хабзэрэ нэмысрэ зэрыльэ Кьардэнхэ я унагъуэр уэзэхуэпсэн быну зэдопсу.

- Я пIэщIыкIэ Налшык къалэм дыкъыщыэзгъеуфыIащ. Иужьым Черкесскиз дыкъэIэпхъуащ. Зы илъэс иримыкIыкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къалащхьэм фэтэр къыщыхтуащтэри, абы дыщIэсащ. ИтIанэ Хьэбэз къуажэм дыщыпсэуну дыкъашащ. Абыкли, япэрауэ, фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъщ абы щыгъуэм лъэпкъым и Адыгэ Хасэм и унафэщыу щытахэм, къищынэмыщIауэ, Даур Рауф. Хьэбэз къуажэм дэт и унэм Рауф дыкъыщIигъэтIысхьэри, и щыгъуэм хуит къыхтхуищIат. Ар дэркIэ насыпэ зэрыримыкъу щыIэтэкъым! Нобии ныжэби фIыщIэ яхдоущI апхуэдэу къытпыкъуэкIа Рауфи, адрей щIалэхэми.

ИлъэситхукIэ а унэм пщIэнэшу дыщIигъэсащ. Мес, унэшхуэщ (дегъэлъагъу), хадэ хъарзыни иIэщ. КIэртIоф, нартыху, нащэ, пIэтIрэжан хэтсэрт. Жыг хадэ диIэт, пхъэщхьэмыщкъэр сабийхэм пэрыхьэту яшхырт. Джди тхьэкIумэкIыхьи зетхэрт. Ди Iуэхуэр фIы дыдэу екIуэкIырт... Нобии дыхъарзынэщ. Пэжщ, Рауф и пщIантIэм дыщыдэсам зетхуа тхьэкIумэкIыхьыр мыбдежьым щыдиIэжкъым, ахэр здыщIэтын зэрыдимыIэм къыхэкIыу. Си мурадщ ахэр зэзгъэпэщыжыныр, - къыддогуашэ Данил.

ИлъэситIкIэ уэзIэбэкIыжмэ, мы унагъуэ дахэр унэщIэ Iэпхъуэжащ. Уеблэмэ, я гумрэ я псэмрэ щытынша Даур Рауф и лъапсэм пэжыжьэ хуаехьым: абы къыпэщыт дыдэщ Кьардэнхэ кърата я щIалIэр.

- Хьэбзэ районым и пашэу Байчорэ Бесльэн щытетам, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъури, нэгъуэщI адыгэ щIалэхэми я щIэгъэкъуэнкIэ, мы къуажэм щыIу къыщыхтхупачаку щытащ. «Зэ щIыгу фIиIэ хъумэ, адэкIэ унэми дегупсысынщ, лъабжьэр едгъэгъэтIылъынщ...» - кьыджаIат. Тхьэм игъэпсэу, къыхуамыщIа щыIэкъым. Ауэ мы щIапIэратэкъым ящыщIкIэ къытпысар. Нэхъ пыIуэзат. Арати, мы щIапIэр зейм зыхуагъаззэщ, епсалъэри, кьыдахъуэжауэ щытащ...

Иужьым, сыщIалажьэ IуэхущапIэм и унафэщI Аргун Олег махуэ гуэрым сриджэри, «ЩIыгу ахутауэ зэхэсхаи?» кьызэупщIащ.

- Пэжщ, Хьэбзэ къуажэбгъум щIыгу соткэ 15 къыщысхупачаку, - естыжащ жуаП.

- Тхьилъэр зэтегъэпсыхьа?

- Сэ а тхьилъхэм хэсщIыхьыщ щыIэкъым, бзэр щумыщIэкIэ... Ауэ щIалэхэм ягъэхьэзырауэ аращ зэрыщытыр, - естыжащ жуаП.

- Мыдэ къысхуэхь а тхьилъхэр, - кьызжиIащ Олег.

Хуэсхьри, хэплъащ. Зыри кьызжиIакъым. Абы иужькIэ махуитI дэкIуэу, ди щIалIэм зыгуэрхэр иту ялъэгъуащ. Тхьэмахуэ дэкIри, унэм и проектым кьызэрыщыгъэпэгъуам хуэдэу, лъабжьэр иратхьащ... Мис, апхуэдэу, Аргун Олег и фIыщIэкIэ, и мылъку защIэкIэ, илъэситI пIалъэм кьэриубыдэу, мы унэ дахащэр ди щIалIэм кьиуащ, - гуфIэгъуэм и гур зэщIиIэтэу игу кьегъэкIыж Данил.

Унагъуэм и тхьэмадэм лэжьапIэ Iэнатlэ зэриIэри зи фIыщIэр Аргун Олегщ. Хэкужьым кьызэрихьэж лъандэрэ, Данил и унагъуэр зэригъэпсэуным ехьалIа гуныкъуэгъуэ иIэкъым, Хьэбзэ жьпс заводым щолажьэ, абы хуабжьу ирогуфIэ.

Унэгуащэ Бусейнэ лэжьапIэ Iэнатlэ епхауэ щымытми, махуэ псом Iуэхуншэ хъуркъым. Япэрауэ, хадэр зэрехьэ, хадэхэкIхэр я куэдщ. Кьапщтэмэ, унагъуэ Iуэхур зэи мащIэ хъуркъым - пщэфIэным, нэгъуэщI Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэным Бусейнэ и махуэ ныкъуэр токIуадэ. Данил фIэфI адыгэ ерыскъыхэкIэху хьэпыварэ, пIастэр, щыпсыр, кхъуейжьапхъэр Бусейнэ гугъу демыхьу епщэфI, я Iэнэм ахэр текIыркъым.

А псоми нэмыщI, Бусейнэ дэрбзэр Iэщlагъэ иIэщи, и псэр дзэхьэх Iуэхум сыхьэт бжьыгъэ щытригъэкIуадэ къэхьу. Бзылъхугъэм кьуажэм щыщу къэзыщIыхуахэри кьыхуокIуэ, аабыхэм яхуодэ.

Зыхэс кьуажэр, гьунэгъуэхэр кьаазэрыхущытым теухуауэ унагуащэм жеIэ:

- Щамым дыщыщIыам хуэдэу, мыбы апхуэдэу куэд кьыщыкIэлъыкIуэркъым. УэзкIэлъыкIуэн хуей хьумэ, Iэмал имыIэу зыгуэр зэхуэхьыпхъэу кьалъытэ. Арами, ди гуфIэгъуэи гуэзвэгъуи кьыддэзыIыгъын гьунэгъуфI дыдэхэр диIэщ. ДыхъуныкъуIауэ щысынукъым, Тхьэм и шыкуркIэ, кьытпъуогъаазэ, кьытщIоупщIэ. Дызыщыпсэу кьуажэрэ щыпIэпэри дигу ирохь - дэнэкIи удзыпщIэщ, бгыщ, хьэуар кьабгэщ, - гуфIэу пещэ Бусейнэ.

Тхьэм нэ фыгъуэм щихьумэ! Быним нурыр кьащхьэщэх: балигъэр зэрызэгурыIуэр, адэ-анэ жьауэм щIэт пщащэхэр зэрынасыпифIэр я нэгум ибольагъуэ. Унагъуэ хъуэпсэгъуэщ: я унэ щIэсщ, лэжьапIэ яIэщ, пащащитIри щIэныгъэм хуопабгъэ. АтIэ, зыми имыгъэпIейтейуэ пIэрэ мыхэр?

- Ди адэжь щIыналъэ дисыжщ, мамыру допсэу, Тхьэм и шыкурщ жыдоIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Щамым къикIыжа-хэм ящыщу, дэ тхуэдэу псэупIэри лэжьапIэри зи насыпи къихьахэр мащIэщ. ИтIани, дэри дызыгъэгумэщI Iуэху гуэрхэр щыIэщ. Ар зэхьэлIар Урысейм и щыхуэу дыщытын папщIэ, «гражданство» кьыдэтхьнращи, абы и лъэныкъэкIэ къэпощхьэпор куэдщ. НобгкIэ дэ диIэр «вид на жительство»-щ. Къэралым и щыхуэу дыкъалытэзыни ехьэлIа тхьылъэр дгъэхъэзырри яттати, зэфIэмыкIауэ кьыдатыжащ. КъызэрыдгурагъэIуамкIэ, лъэпощхьэпо нэхъыщхьэ хъур урысыбзэр зэрыдмыщIэрщ.

Хуабжьу гугъущ Урысейм укъихьэныр, абы кьыхэкIыуи, ди лъэпкъэгъу куэд нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуащ. Ахэр унэщIагъэтIысхьэ, зыхуэныкъуэну дэфтэрхэр щIэх дыдэ кьыхуэзрагъэпэщ, егъэзыгъэкIэ а къэралым и бзэ нэхъыщхьэр ирагъащIэ, абы папщIи ахъшэ ират. Къэралым программэ хэхаэр мэлажьэ. Апхуэдэу Урысейм дежь зэрыщамыщыым ди Iуэхур кьелъахъэ...

Ауэ, сыт хуэдиз лъэпощхьэпо мы Iуэхум хэмытми, дезэшынукъым, ди лъабжьэр ирамытхъмэ. Дэ нэхъыщхьэу дызыщIэгупсысыр кьытщIэтаджэ ди сабийхэращ. ИлъэситIщ еджапIэр кьиухыным кьыхуэнэжар ди нэхъыжьым. ИтIанэ, ищхьэ щIэныгъэ зригъэгъэутыну еджапIэ кIуэн хуейщ. Ар дауэ тхуэзэфIэкIыну, гражданствэ димыIэу? - ягу кьеуэу кьыхаГэщ зэщхьэгъусэхэм.

Пщащэ щIыкIуитIыр, Тхьэм уэзрелъэIунщ - гъэсащ, Iущщ. Тае кьуажэм дэт лицейм 9-нэ математикэ классыр, Зое курыт еджапIэм и 7-нэр нагъыщэфI защIэкIэ кьуахащ. ЖыпIэнурамэ, еджапIэм зэрыкIуэрэ Тае «4» нагъыщэ кьихьакъым. ПIури фIы дыдэу ypысыбзэкIэ мэпсалъэ. Абы кьыдэкIуэри, пщащитIми адыгэбзэр, кьэрыпсыбзэр, инджилызыбзэр ягъэшэрьуэ. Еджаным, есэпым зэрыдихьэхьым нэмыщI, тIури суэрт щIыным хуэIэзэ дыдэщ. Тае и мурадщ графическэ, щхьэгъэ-ным дизайным, архитектурэм хуеджэну. Абы папщIи Урысейм и щэнхабзэ кьаладыхьэу кьалъытэ Санкт-ПетербургкIэ, Тхьэм жиIэмэ, иунэтIыну и гугъэщ.

Зое иджыри Iэщlагъэ хуэхъуным егупсысакъым. Ауэ хуабжьу сабий гурыхуэщ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъщ. Ар нэрылъагу ящI пщащитIым я IэдакъэщIэкI сурэтэхэм... Тае кьуажэм дэт художественнэ еджапIэми зыщIегъасэ, интернет Iэмалкли и Iэзагъэм хегъахьэщ.

Зэщхьэгъусэхэм Iыхьлыр я куэдщ, зэгъусэу Хэкум кьэIэпхъуэжахэщ. Ахэр Налшыки, Мейкъуапи, Абхъазми щопсэу. Пэжщ, я псэупIэхэр зэпэжьжьэщ, ауэ щIэх-щIэхыурэ зэкIэлъокIуэ, я зэпыщIэныгъэр ягъэкIуэдыркъым. Псом нэхъри нэхъыщхьэр аращи, я нэхъыжьхэм я хъуэпсапIэу щыта адэжь Хэкум дэтхэнэми лъабжьэ быдэ щигъэтIылъащ.

Кьардэнхэ я унагъуэ дахэм уи псэр бгъэдэзышэ зы хьэл гъэщIэгъэнэ ядэтлъэгъуащ - я нэгур зэрызэIухам хуэдэу, ягури кьабзэщ. Абы кьыдэкIуэри, я гур ягъэкIуэдыркъым, Тхьэм щогугъ, фIым щIольэIу. Щэч кьызытрамыхьэр аращи, Хэкужьым кьызэрыкIуэжам зэи хуущIегъуэжьынкъым. Тхьэм гу щариГахуэ!

ЩОХЪУЖЬ Лусанэ.

Къуршыбгъэ

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Уважкъуэ

Гъущ хъарым ису, щхьэхуимыту
Яыгъщ къуршыбгъэ яубыдар.
Ар пагэщ, ауэ, гу лъимытэу,
ФIокIуэд Тхьэм фIыгъуэу къритар.

ФIокIуэд мызагъэу щыта и гур,
Насыпышагъэм дэIэсар,
И дамэ уардэхэмкIэ уэгур
ЩIихуэрэзыкIыну ягъэсар.

ФIокIуэд гупсысэ анэдэлъхур,
Къытримыдзэжу дыгъэ нур,
ЩIым, уафэм, бгым яхунIэ щэхур,
Къуршыбгъэ хабзэу, лъапсэ куур...

И пщIыхьым хэтми сабингъуэм
Къуршыжьхэм зэрыщыпсэуар,
Иджы къимыкIми едэ «абгъуэм», -
Сабыру ешх кьрату хъуар.

ЗригъэкIуащи имей гъащIэм,
ЩэкIуэнми уэгуми щIэмыхъуэпс...
КъыфIэщIмэ ар къуршыбгъэ гъащIэ,
ЩхьэщэхуурэщIигъэкIрэ нэпс?..

Псэ закъуэ

БЕМЫРЗЭ Зураб

Зэхэсхкъым мы уафэр. Зэхэскъым мы щIылъэр. Си нитIыр - Тхьэ жэщщ.
Уи Хэкур зы ткIуэпсмэ, уи лъэпкъыр зы къуэпсмэ - сыт илъыр уи куэщI?
Си адзм ядэжым и джатэр си къущхьэу сыкъохъури сопсэу.
НэгъуэщI симыIэжмэ, а къущхьэмкIэ гъащIэ къудей къызоозэу.
НэгъуэщI къызамытмэ, си махуэм пыстхъамкIэ уIэгъэр сопхэж.
Уафэгум пымытмэ дуней мыIэрысэр - гъуанэжь къызоогъэж.
Бжэщхьэ Iумытмэ, къэхъуным имытмэ - сыт щIэуэ пфIэсщын?
Си къущхьэу, си Хэкуу, си дыгъэу, си лъэпкъыу къурмэн сызыщIын.
Адыгэ псэ закъуэр архъуанэу щожэхыр Iэпкъльэпкъ къызатам.
Адыгэ бзэ закъуэм и бын кьещыпыжыр. И къущхьэ къутам
Хишхэжу си псалъэр, хишхэжу уи налъэр, ди дыгъэ хъурейр.
Псэ закъуэ умыхъумэ, бзэ закъуэ умыхъумэ - уэ хэт уи дунейр?

25.07.2020

Щамым зауэр къыщымыхъеи ипэкIэ Хэкужьым къэIэпхъуэжахэм, адэжь щIыналъэм щыIэ гъащIэмрэ псэукIэмрэ я лъапIагъыр, Iэфlагъыр зыхэзыщIэ ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщщ Гъусокъуэ (Куэбл) Раджаб и бынунагъуэхэм. Унагъуэм нэрыбгитху щIэсщ: зэщхьэгъусэхэм щIалитI къащIотаджэ; къадопсэу си ныбжьыр илъэс 80-м фIэкIа, Раджаб и анэ Аиша (Дадэхъухэ ипхъущ).

Аиша и адэм и адэжращ Хэкур зыбгынауэ щытар. КъэзэрдеймкIэт здикIар. И анэр абаазэт. Раджаб и адэр шапсигъщ, Куэблхэ яищ.

Щамым къикIыжауэ Хьэбэз къуажэм мы зэманым унагъуитху щопсэу. Ахэр зы къуэпсщ, къызэдалъхуахэм я къудамэщ... ЗыщIэсыр къатищу зэтет, фэтэр зыбжанэ зыхэт зы унэщ.

Нобэ зы унэм щIэс унагъуитхури Хьэгъундыкъуей къуажэм щыпсэуащ. Ахэр нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхуну, я гурыгъу-гурыщIэхэм фыщыдгъэгъуэзэну дыхьуещ.

Гъусокъуэ (Куэбл) Раджаб

Хэкужьыр псэупIэ ящыну илъэсиблкIэ узэIэбэкIыжмэ Урысейм кьыщихьэжам, Раджаб и унагъуэр щетIысхауэ щытащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз районым щыщ Къэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) адыгэ къуажэкъым.

- Дыщыпсэуэ къэралым, Щамым, хьэлэмэту ди Iуэху щытщIэкырт, зыми дыкъэныкъуэтэкъым, пщIэ къытхуащIырт, лъэпкъ куэд дызэхэсми, зэран дызэхуэхъурэткъым. Хамэ къэралкIэ куэдрэ сыщыIаш, сыщылэжьащ, мылъку и лъэныкъуэкIи гуныкъуэгъуэ сиIакъым. Ауэ, дэ нэхъыщхьэу дызэгупсысар ди сабийхэр, нэхъыжьхэр адэжь щIыналъэ къитщIэжкъым.

Пэжщ, уи гъащIэ псом лъащIэ щыпщIа щыIапIэр кьэбгъанэу, нэгъуэщI къэралуIэпхъуэныр тыншкъым. Дэнэ ущемытIысхэми, япэщIыкIэ хьэлъэ зэрыхъунри эткIи гурыIуэгъуэщ. Зыри Iэгу зэIухакIэ кьыппежьэныкъым. Аращи, тIэкIу гугъу дехьами, Хэкужьым дыкъыщIэзэрихьэжрэ щIыхуу кьыддэIэпкъуар гъунэнэщ, зэран кьытхуэхъуакъым, я сэбэп кьемыкIамэ. ФыщIэу яхуэтщIми уасэ иIэкъым, - ирешажьэ ди зэпсэлъэныгъэр Раджаб.

«Гугъу дехьащ» щыжиIэкIэ, Раджаб нэхъыщхьэу кьызэтеувыIэр кьызэрыхъэжа къэралым щыпсэуну хуитыныгъэ къезыт тхьылъэр кьыдэхьи Iэхуэхэращ. АтIэ, къэралым и щIыу ухъун папщIэ, хабзэкIэ зэбгъэпэщын хуей Iуэхуэгъуэ куэд щыIэщ.

- Нобэкъ ди унагъуэм «вид на жительство»-щ диIэр. Аращи, хабзэм дытету ди дэфтэрхэр зыдогъэпэщ «гражданство» кьыдэтхьнращIэ. Тхьэм и шыкуркIи, ди Iуэхур мэкIуатэ. ХабзэкIэ къащIотэжа. Зыщыгъуэ, Урысейм и щIыу ухъуныр, гражданствэ кьыдэпхьныр IыхьлыгъэкIэщ зэрызэфIэкIыр. Нэхъ гурыIуэгъуэу жысIэнщи, уи адэ-анэкIэщ. АбыхэмкIэ дэфтэрхэр тэрэзмэ, лъэпощхьэпо хэмыту къэралым гражданствэ кьует. Ауэ ар кьелъахъэ ахэр зэрызэфIэгъэкIыпхъэ мардэхэр, бгъэдыхьэкIэхэр нэгъэсауэ зэрамыщIэм. Кьапщтэмэ, дыкъыздихьэжа къэралым и хабзэ куэд дэр-дэру зэдгъэщIэжащ. АтIэ, Урысейм и хабзэм утеташ щхьэкIэ, ахэр нэгъэсауэ пщIэн хуейкъэ?! Абыкlэ ди Iуэхур тынш дыдэкъым. Пэжщ, Адыгэ Хасэри, цIыху щхьэхуэхэри хуабжьу кьыддоIэпыкъу, ди Iуэху тхуагъэкIуатэ, дызэкIуалIэхэм зэIыкI кьагъанэзрэкъым, - кьыпещэ Раджаб.

Ди псэлъэгъуэм зэрыжиIэмкIэ, и щхьэгъусэм и анэм гражданствэ кьратащ. АтIэ, Урысейм и хабзэм тету, анэм и щIалищымрэ и пщащэмрэ (Раджаб и щхьэгъусэмрэ) гражданствэ кьаритыну хуитщ.

Псэуным екъэлIауэ гугъу езыгъэхьу Раджаб зи гугъу ищIыр зэкIэлъапIэ зэрамыIэращ. Апхуэдэу щытми, абы кьыгурыIуэ Iэнатlэ зэрамыIэтуэтым дуней псом цIыху куэд зэрыщIигъэпIейтейр. АтIэми, Iуэху зыдэмылъ кьуажэм а лъэпощхьэпор нэхъыбэу щызыхьибощIэ...

- Супервайзер, аргонкIэ гъущI зэпыгъэзэн, инженер нэхъыщхьэ Iэщlагъэхэм сриIэжащ, уеблэмэ Щамым инженерхэр щезгъаджэрт. Иджы гараж бэджэнду къэсщтауэ, машинэ инхэм солажь, абыхэм сеззэрыкIыыпIэн хуеймыкIи щIэныгъэ збгъэдэлъщи, си щIакъуэу Iыхьэ къызоолжьыж. КъызэкIуалIэламэ - солажьэ, къэмыкIуэламэ - лжьыгъэнэзу сыдэсщ... Сыт хуэдэ Iуэху кьепхьэжьэнуми гражданствэ уиIэн хуейщ...

Раджаб дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, Хэкужьым щетIысэха ди лъэпкъэгъуэхэр кьуажэдэсхэм я гупымтэ щыщIэркъым. Псом хуэмыдэу, ерыскъыкIэ кьаззрыпэIэбэр жеIэ. КъищынэмыщIауэ, унэльащIэ, нэгъуэщI хьэпшып жыпIэми, зыри зимыIэу етIысэха унагъуэр зыхуэныкъуэн дэтхэнэмкIи, цIыхухэр хуабжьу дэIэпыкъуэгъу къахухоху.

Раджаб и зы щIалэ цIыкIуи и узыншагъэм нэхъ кIэлъыплъыну къахудохуэри, дохутырхэм хуабжьу зыкъыщIагъакъым. ЗэрыжиIэмкIэ, и щIалэ сымаджэм и тхьпхъэр зэрегъэпэщ, медицинэ и лъэныкъэкIэ къэралым и дэIэпыкъуныгъэ игъуэтын папщIи, зэкIуалIэ псори кьыдоIэпыкъу. Дохутыр-психолог Щымырзэ Мирэ деж щегъэжьауэ, дэтхэнэми лъэкI кьыгъанэркъым я Iуэхур кIуэтэныкIэ. Кьуажэдэсхэми Адыгэ Хасэми щIыхуэ кьатенэркъым.

Гу лъыдмытэнкIэ Iэмал зимыIэт Раджаб и унагъуэм адыгэбзэр уэр-сэру зэрыщIэгъэзэрабзэм. Япэраущ, зи ныбжьыр хэкIуэта, пIэм хэлъ зэпыт Аиша адыгэ нанэ дыдэщ, зи, Щамым щыпсэуауэ умыщIэмэ, кьыпхуэщIэнкIэм Хэкужьым кьыщымыкъуауэ. Сэлийэри апхуэдэщ, адыгэбзэкIэ мэпсалъэ. Арами, адэжь щIыналъэм къыщихьэжам, сабиитым адыгэбзэ щыIэр-тэкъым.

- Ди лъэпкъэгъуэм дахэкъыкъэжри, мазитI-щыкIэ сабийхэм урысыбзэри адыгэбзэри уэр-сэру зрагъэщIащ. Абы ущымыгуфIыкIыпIэ иIэ?! Абыкlи хуабжьу сэбэп мэхъу дызыхэсри зэрыадыгэр, еджапIэр, сабийхэм я ныбжьэгъуэр. Кьапщтэмэ, дызыщIэхъуэпсар кьыдэхъуIащ - ди быныгитI - пщащэрэ щIалэрэ зэдапI. ЗэрыжьитIауэ, унагъуэм щIэсыр Урысейм и щIыуэ щIэлэгъуэ, къэралым и щIыуэ зэпсэлъэ. Я бынхэр еджапIэм макIуэ, адыгэ сабийхэр я ныбжьэгъущ, яхэсыхьащ... Ауэ, унагъуэм и нэхъыжьым лэжьыгъэ хэха зэримыIэм быныр гугъу ирегъэкъ.

Зэкъуэшхэм я нэхъыщIэИслъам (Исам) и Iуэхур нэхъ гугъуу кьэтпытащ. Зэщхьэгъусэхэм щIалитIрэ зы пщащэрэ яIэщ. Пэжщ, унагъуэм щIэсым гражданствэ яIэщ, ахъшэ гуэри ратащ, ауэ мы быныхэми лэжьапIэ зэрамыIэм и щхьэусыгъэкIэ, къащIэуа я быныр ирагъэджэнымкIэ хуабжьу гугъу иохь.

- Гражданствэ уиIэу, улэжьэну иужь уихьамэ, урысыбзэр Iэмал имыIэу пщIэн хуейщ. Дэ урысыбзэр тIурыпъкъыми, хуабжьу гугъу дохь, лэжьыгъэм зэтпыфырыкъым. ЯпащIыкIэ унэ зэгъэпэщыжынымы дыпыщIауэ дылэжьащ, иужьым Iэфlыкlэ тщIыуэ щIэздзащ. Иджыпстуи ди IэрыщIхэм кьыщIэупщIэмэ, яхдощI.

Си щIалэхэр колледжым щоджэ. Зыр Налшык къалэм щыIэщ. Адыгэ Хасэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ абы общежитым псэупIэ кьыщратащ. Пащащэр Черкесскъалэм махуэ кьэс кIуэурэ щIэныгъэ щызэрегъэгъуэт. А псоми гъузгу уасэ токIуадэ. Ахъшэ кьыпхуэзыхь лэжьапIэ ущымыIэкIэ, быныр зыхуей хуэбгъэзэныр гугъу мэхъу. Пэжщ, гражданствэ дызэримы и фIыгъэкIэ, къэралым кьаритхьэ ди сабийхэми кьалъысащ. Ауэ, абыкIи Iуэхур зэфIэкIыркъым, махуэ кьэс зыгуэр ухуэныкъуэщ, еджэным пщIэ щIэптын хуей мэхъу, Iуэхур зэрыщыгъуэ, ящыщ щIэптын хуей мэхъу, ущеджэкIэ, - игу кьеуэу кьыхегъэщИслъам.

- ЦIыхуэхэр хьэлэлу кьытхущытщ. Ауэ дэ доукIытэ ди щхьэ нэгъэсауэ зэрыт-хуэмыпIыжьым, ди бын зыхуей зэрыхуэдмыгъэзэфым папщIэ, - жаIэ зэкъуэшхэм. - Пэжыр жытIэнщи, щхьэеГъэзэпIэ дымыгъэуту мы хэгъэгум дыкъэкIуакъым. ТыркумкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрымкли, Адыгэ Республикэмкли дыкъэнэну, дыкIуэну лъэкIыныгъэ диIащ. Ауэ дыхуеякъым. Ди псэм кьищтэу, дыхуейуэ мы щIыпIэм - адэжь Хэку Къэрэшей-Шэрджэсым - дыщетIысхащ. НэгъуэщI щIыпIэ деплъэкIыну ди гугъэкъым. Ди сабийхэм я пщэдейращ дызытешыныхьыр. Абыхэм я Iуэху зэпэщ хъун папщи тлъэкI къэдгъэзэнэкъым, лэжьыгъэ диIэ закъуэмэ. Уи Хэку щупсэууэ ущышхэжьынымэ нэхъыдИ щыдэкIуэжа къэралыр, дызыхэтIысхьэжа ди лъэпкъэгъуэращ, - зыжьэу жаIэ Мэхъуш зэкъуэшхэм.

АБИДОКЪУЭ Санэ.
Сурэтхэр
Туаршы Беслъэн *трихащ.*

Хэкум и лъапIагъыр зыхащIэ

Зэкъуэшхэр - Хьэрун, Хьусам,Ислъам

- Адыгэхэр кьызэрытхуейри зыхьдагъэщIащ, псом хуэмыдэу, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм. Хуабжьу кьытхуогуфIэ, кьытхуэгуапэщ, кьытхуогузавэ. ДымэжэлIэнкIэ, щIыIэм дисынкIэ дышынэркъым. Ауэ, адэ-анэ псоми яхуэдэу, ди сабийхэм я кьэIуэным дыщIэмыгупсысу хъуркъым, - ирагъажьэ ди псалъэмакъыр Мэхъуш зэкъуэшхэм - Хьэрун, Хьусам,Ислъам сымэ.

Ахэр Раджаб ипэкIэ зы ильэскIэ Урысейм кьихьэжащ. А унагъуэр Раджаб и щыкъуэщ. Абыхэм зы шыпхъу яIэщ - Мариям. Абы хъыджэбзитI епI. Мэхъушхэ я нэхъыжьыр я анэ Джамилэщ.

Мы зэрыльхъэрыпIым псоми гражданствэ яIэщ. Кьапщтэмэ, зэкъуэшхэм я нэхъыжь Хьэрун гражданствэ иIэщ 1998 гъэ лъандэрэ. Ар иджыкIэ и закъуэ мэпсэу, и быныр и гуэрщхьэм. Раджаб гуныкъуэгъуэ зыхильъагъуэ Iуэхуращ Хьэруни зы щIэпIейтейр - лэжьапIэ зэрымыгъуэтырщ, - ахъшэ зэрыIыщIэмылъыщ.

- Ерыскъыр, щыгъыныр, унэльащIэр уиIэми, дэфтэр Iуэху кьыпплъыкIуэкIамэ, псалъэм папщIэ, республикэм и къалащхьэм унэсри хуейкъ, гъуэгу уасэ жыдейми улъыхъуэну кьыпхудохуэ. Пэжщ, щIыхуэ-хьэхуэ жыIэуэрэ уи Iуэху боГъэкIуатэ. Ауэ, а щIыхуэри улажьэу птыжьи хуейкъэ?! - и щыкъу щIалэм и Iуэху зытетым теухуауэ жеIэ Раджаб.

Хьэрун кьыкIэлъыкIуэ Хьусамрэ и щхьэгъусэмрэ бынитI - пщащэрэ щIалэрэ зэдапI. ЗэрыжьитIауэ, унагъуэм щIэсыр Урысейм и щIыуэ щIэлэгъуэ, къэралым и щIыуэ зэпсэлъэ. Я бынхэр еджапIэм макIуэ, адыгэ сабийхэр я ныбжьэгъущ, яхэсыхьащ... Ауэ, унагъуэм и нэхъыжьым лэжьыгъэ хэха зэримыIэм быныр гугъу ирегъэкъ.

Зэкъуэшхэм я нэхъыщIэИслъам (Исам) и Iуэхур нэхъ гугъуу кьэтпытащ. Зэщхьэгъусэхэм щIалитIрэ зы пщащэрэ яIэщ. Пэжщ, унагъуэм щIэсым гражданствэ яIэщ, ахъшэ гуэри ратащ, ауэ мы быныхэми лэжьапIэ зэрамыIэм и щхьэусыгъэкIэ, къащIэуа я быныр ирагъэджэнымкIэ хуабжьу гугъу иохь.

- Гражданствэ уиIэу, улэжьэну иужь уихьамэ, урысыбзэр Iэмал имыIэу пщIэн хуейщ. Дэ урысыбзэр тIурыпъкъыми, хуабжьу гугъу дохь, лэжьыгъэм зэтпыфырыкъым. ЯпащIыкIэ унэ зэгъэпэщыжынымы дыпыщIауэ дылэжьащ, иужьым Iэфlыкlэ тщIыуэ щIэздзащ. Иджыпстуи ди IэрыщIхэм кьыщIэупщIэмэ, яхдощI.

Си щIалэхэр колледжым щоджэ. Зыр Налшык къалэм щыIэщ. Адыгэ Хасэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ абы общежитым псэупIэ кьыщратащ. Пащащэр Черкесскъалэм махуэ кьэс кIуэурэ щIэныгъэ щызэрегъэгъуэт. А псоми гъузгу уасэ токIуадэ. Ахъшэ кьыпхуэзыхь лэжьапIэ ущымыIэкIэ, быныр зыхуей хуэбгъэзэныр гугъу мэхъу. Пэжщ, гражданствэ дызэримы и фIыгъэкIэ, къэралым кьаритхьэ ди сабийхэми кьалъысащ. Ауэ, абыкIи Iуэхур зэфIэкIыркъым, махуэ кьэс зыгуэр ухуэныкъуэщ, еджэным пщIэ щIэптын хуей мэхъу, Iуэхур зэрыщыгъуэ, ящыщ щIэптын хуей мэхъу, ущеджэкIэ, - игу кьеуэу кьыхегъэщИслъам.

- ЦIыхуэхэр хьэлэлу кьытхущытщ. Ауэ дэ доукIытэ ди щхьэ нэгъэсауэ зэрыт-хуэмыпIыжьым, ди бын зыхуей зэрыхуэдмыгъэзэфым папщIэ, - жаIэ зэкъуэшхэм. - Пэжыр жытIэнщи, щхьэеГъэзэпIэ дымыгъэуту мы хэгъэгум дыкъэкIуакъым. ТыркумкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрымкли, Адыгэ Республикэмкли дыкъэнэну, дыкIуэну лъэкIыныгъэ диIащ. Ауэ дыхуеякъым. Ди псэм кьищтэу, дыхуейуэ мы щIыпIэм - адэжь Хэку Къэрэшей-Шэрджэсым - дыщетIысхащ. НэгъуэщI щIыпIэ деплъэкIыну ди гугъэкъым. Ди сабийхэм я пщэдейращ дызытешыныхьыр. Абыхэм я Iуэху зэпэщ хъун папщи тлъэкI къэдгъэзэнэкъым, лэжьыгъэ диIэ закъуэмэ. Уи Хэку щупсэууэ ущышхэжьынымэ нэхъыдИ щыдэкIуэжа къэралыр, дызыхэтIысхьэжа ди лъэпкъэгъуэращ, - зыжьэу жаIэ Мэхъуш зэкъуэшхэм.

АБИДОКЪУЭ Санэ.
Сурэтхэр
Туаршы Беслъэн *трихащ.*

● Хъуэхъу

ГуфIэгъуэ кIыхь ирехъу!

Жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэд хъуауэ къыщыддэлажьэ Дыщэкl Соня и унагъуэм гуфIэгъуэшхуэ кьихьащ. Иджыблагъэ и щIалэ закъуэ Азэмэт унагъуэ хъуащ.

Сонярэ абы и щхьэгъусэ Инэрок